

## **BAB I BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Kahirupan sajak nu méré warna dina kandaga sastra Sunda katitén ti mimiti gelarna sajakna. Sanajan sajak kapangaruhan ku karya sastra deungeun tapi katitén karancagéan panyajak mangsa harita dina namperkeun batinna. Sajak terus medal dina média citak tur dibukukeun. Hartina salian ti pentingna dokuméntasi karya, sajak mibanda rohang pikeun ngagambarkeun kaayaan sosial dina mangsana. Warna nu nyampak tina sajak Sunda salawasna némbongkeun kapunjulan basa Sunda nu ngawakilan eusi haté (batin) panyajak.

Panyajak méré sikep kana kaayaan alam jeung kaayaan sosial nu dirandapan. Sajak Sunda disawang tina jihat téma kacida euyeubna. Téma anu nyampak tina sajak, napak kana kahirupan panyajak boh dumasar kasang tukangna boh anu kaalaman ku panyajakna. Di antara sababaraha téma nu mindeng kapanggih dina sajak, perkara pati mangrupa téma anu terus hirup tur jadi ulikan nu dititénan sacara daria ku panyajak. Para panyajak bisa ngimpleng galagat pati. Pati mangrupa salah sahiji téma nu mindeng kapanggih tur jadi puseur implengan para panyajak ti baheula nepi ka kiwari.

Perkara pati keur nu hirup mangrupa hal anu bakal disorang. Pati bisa jadi hal anu dipikasioeu jeung hal anu dipikasono. Upama kasioeu dilantarankeun ku ngarumasa hirupna ukur ngalajur napsu. Lian ti éta, faktor sioeu ogé dilantarankeun ayana gangguan tina bahaya. Boh gangguan ti sato, boh gangguan nu ngarogahala bisa ngabalukarkeun pati. Kawas nu kungsi dirandapan ku masarakat Sunda anu diancam pati ku gorombolan. Sedeng pati mangrupa hal nu diantian jeung dipikasono lantaran tina kacinta tur hayang panggih jeung Gusti nu nyiptakeunana. Tina pati panyajak mah ngimpleng rupa-rupa sawangan gumantung kana kontéks nu ditepikeun ku panyajak.

Contona Subagio Sastrowardoyo, ngagambarkeun yén pati téh “dalit” jeung manusa “*Dan Kematian Makin Akrab*”. Ari Hartoyo Andangjaya mah nyurahan pati minangka “jangji sajeroning diri” (*Mati ialah janji dalam diri/....*). Boh tina sajak Subagio boh tina sajak Hartoyo meunang gambaran yén di antara pati jeung diri manusa téh sasat henteu aya nu paturageng, henteu aya konflik. Ngaranna gé “jangji”, tangtu kudu ditedunan, ulah bet disingkahan (Setiawan, 2017, kc. 307).

Salian ti dua panyajak di luhur, pangarang Sunda di antarana Wahyu Wibisana nyabit perkara pati minangka “Pangbalikan” pati téh tempat nu iuh tur pikabetaheun /...*Iuh, iuh gunung kuring/ nyata, nyata, tanda-tanda/ ngabalungbang jalan hirup/ nepi ka nyawa rék surup//* (Rosidi, 2013, kc. 114). Najan pati terus ngaririwaan hirup manusa anu dirasakeun ogé ku panyajak minangka hiji téndensi. Tapi talajak pati ku panyajak bisa disawang tina rupa-rupa kamandang laju ditamperkeun jadi hiji sajak. Isotopi-isotopi nu ngagambarkeun ahir hayatna siga ungkara *nepi ka nyawa rék surup* raket pisan patalina jeung perkara pati, hiji wahana éksprési nu bisa ngagambarkeun deukeutna pati.

Salian ti éta, sajak Wahyu Wibisana anu geus dipoulérkeun dina wanda kawih Sunda tur geus dibukukeun jeung notasina dina buku *Béntang Sulintang Kawih Sunda Lagu-lagu Perjuangan* (1995) jeung *Bungur Jalan ka Cianjur* (2017) aya nu ngagambarkeun kasedih hiji indung anu ditinggalkeun ku salakina nu keur ngepung gunung “pager bitis”. Éta kaayaan téh digambarkeun dina rumpaka kawih nu judulna “Kembang Tanjung Panineungan”. Ieu rumpaka méméhna dina wanda sajak nu eusina ngeunaan kasedih hiji awéwé basa ditinggalkeun ku salakina. Éta awéwé kaayaan keur kakandungan. Ari lalakina nemahan pati lantaran nyawana ditandonkeun pikeun kaamanan di tatar Sunda nu keur diganggu ku gorombolan. Teu saeutik référénsi kajadian jaman harita pamajikan ditinggalkeun ku salakina, anak nu ditinggalkeun bapana nepi ka teu kapanggih deui.

Sajak séjénna karya Wahyu Wibisana nu patalina jeung ancaman gorombolan harita nyaéta “Reumis Beureum dina Eurih” anu digambarkeun wanci isuk-isuk, aya saurang awéwé nu keur néangan *panutan*. Kaayaan keur kacida ketirna karasa dina ungkara *basa lembur kahuruan*. Barang nepi ka *sampalan* nempo aya *reumis beureum dina eurih*, singhoréng *bareureum baseuh ku getih*. Taya lian éta getih *panutan* anu keur ditéangan. Manéhna kasampak geus ditandasa ditilaman *kembang eurih* nu *bareurerum baseuh ku getih*. *Panutan* anu *déwang dadana* tangtu nyawana geus taya dikieuna. Nilik tina rumpakana najan genah dihaleuangkeun, sabab teu napak kana rupa-rupa patokan jadi masih sadapuran kénéh jeung sajak.

Dua sajak anu populérna dina wanda kawih ngagambarkeun kumaha trauma urang Sunda dina nyanghareupan gorombolan mangsa harita. Kagambar kasedih wanoja nu kaleungitan *panutan* lantaran ngalawan basa diancam ku gorombolan. Kitu deui nu maksud ngepung gunung “Pager bitis”, teu saeutik nu jadi korban. Ieu pacéngkadan nu dibalukarkeun ku gorombolan nu dipingpin ku Kartosuwiryo jadi hiji katugenah yén nu jaradi korban lain wungkul anu ditelasan, tapi kapeurih anu dirasakeun ogé ku kulawargana. Bentuk trauma urang Sunda digambarkeun ku panyajak séjénna tina sababaraha sawangan.

Sacara umum, sajak Sunda anu dianalisis henteu wungkul ngadadarkeun tékstual atawa ukur medar sajeroning sajakna. Tapi bisa ngaliwatan pamarekan kontékstual nyaéta maluruh nepi ngajawab kumaha kaayaan mangsa harita. Wangun tina éta karya mangrupa dokumén sosial anu perlu ditalungtik pikeun bahan aprésiasi. Panalungtikan minangka hiji tarékah sangkan dokumén sosial anu nyampak dina karya sastra bisa diaprésiasi. Ditilik minangka hiji objék panalungtikan, dokumén sosial nu ditalungtik bisa méré hiji gambaran kana hiji kajadian nu kungsi karandapan.

Dokumén sosial dina karya sastra nu nyampak bisa dijadikeun tatapakan pikeun maluruh hiji kajadian dina hiji waktu. Kitu deui perkara kajadian-kajadian di tatar Sunda kungsi diranjah ku DI (Darul Islam) ti mimiti

taun 1949 nepi ka 1962 M. Mangsa harita gerakan anu nepi ka kiwari disebut “jaman gorombolan” meumeujeuhna ngalaksak jeung ngaganggu kaamanan di tatar Sunda. Ieu kajadian ngalantarankeun urang Sunda ngarandapan trauma anu kacida parna. Urang Sunda anu ngalaman kasangsaraan nyambung ti mimiti dijajah deungeun nepi ngarasa kakaya ku bangsa sorangan.

Salian ti masarakat, bentuk traumana tangtu karasa keur panyajak Sunda mangsa harita. Wanda sajak jadi wahana pikeun ngébréhkeunana éta trauma. Hal jeung kajadian-kajadian nu karékam mangsa harita perlu dipedar ngaliwatan analisis karya-karyana. Utamana nu perlu ditalungtik nyaéta nu raket patalina jeung ancaman pati. Nyawa dina éta mangsa lir taya hargana. Urang Sunda bangun anu bingung ngayonanna, lantaran nu ngancam taya lian ti dulur sorangan. Katambah ku kaayaan anu teu aman, rupa-rupa gangguan nu dialaman ku urang Sunda nyaéta imah-imah diduruk, pakaya diranjah jeung teu sautik ngarasa kalaparan. Kaayaan digambarkeun di handap.

Gangguan kaamanan teu eureun-eureun. Gorombolan Kartosuwiryo ngagalaksak ka padésaan. Rajakaya rahayat dirampas, imahna diduruk, nyawana didorhos atawa dipaténi. Nya réa urang pasisian anu ngungsi ka kota-kota bari henteu mawa bekel modal jeung kaparigelan. Puguh waé harita kacida weritna, loba anu hirupna kadungsang-dungsang (Ekadjati, 2010, kc. 125-126).

Éta gangguan tangtu ngahudang kaprihatinan keur urang Sunda mangsa harita. Hususna di tatar Sunda, éta kajadian mangrupa trauma sangkan teu karandapan deui. Tarékah sangkan teu karandapan deui di antarana ku digambarkeun ngaliwatan sajak. Rasa kingkin, kaayaan ketir anu digambarkeun dina sajak bangun ngajak sangkan urang boga sikep kana ancaman jeung gangguan. Sajak-sajak Sunda nu ngagambarkeun éta kajadian perlu dianalisis sangkan dipikaweruh ku generasi satuluyna.

Nganalisis genre sajak Sunda bisa disawang tina rupa-rupa pamarekan. Di antara sababaraha pamarekan nu bisa digunakeun pikeun analisis nyaéta pamarekan struktural nu ngawengku *téma, mood, tone, atmosphere*. Diadumaniskeun jeung pamarekan sosiologi sastra nu matalikeun karya sastra

minangka hiji wangun anu dalit jeung kaayaan sosial mangsana. Hasil analisis anu jero dina nyangking eusining sajak perlu dilaksanakeun pikeun mantuan guru dina pangajaran aprésiasi karya sastra di SMA/SMK/MA.

Upama nilik tina objék panalungtikan sajak saméméhna, panalungtik-panalungtik milih sajak-sajak nu medal taun 2000an atawa kaayeunakeun. Bédana jeung ieu panalungtikan nyaéta maluruh sajak dina mangsa mimiti gelarna sajak. Sajak nu ditalungtik masih kénéh dina jero polémik, lantaran aya nu ngahiap teu saeutik nu teu ngaku minangka karya sastra Sunda. Salian ti éta, teu kapanggih panalungtikan anu matalikeun genre sajak jeung sosiologi sastra kucara matalikeun karya sastra jeung réalita sosial mangsa harita.

Upama dibandingkeun jeung panalungtikan dina *PSSP* Edisi ka 1-2 nu asup jadi salahsahiji sumber data ieu panalungtikan. Bédana nyaéta lebah milih téma pikeun data panalungtikan. Dina ieu panalungtikan maluruh sajak anu mibanda aspék ancaman jeung gangguan gorombolan. Ditilik tina taun dina *PSSP* mah ti mimiti taun 1954 nepi ka 1977, sedeng dina ieu panalungtikan maluruh sajak-sajak nu medal luyu jeung taun kajadian baruntakna gorombolan nyaéta jeroning taun 1949-1962.

Perluna maluruh tur nganalisis sajak Sunda di taun mimiti gelarna sajak sangkan bisa diaprésiasi tur jadi bahan référénsi sangkan sacara husus panyajak Sunda ogé tétéla ngarékam kajadian-kajadian sosial mangsa harita. Para panyajak nempatkeun karya sastra pikeun ngahudang kasadaran ka pamaca. Panyajak Sunda mangrupa manipéstasi rasa jeung ékspresi anu gelar tina kereteg urang Sunda. Saumpama dititénan pentingna ieu panalungtikan leuwih museur ngabahas perkara sajak-sajak Sunda periodeu 1949-1962 nu kuat dina lebah téma sosial anu patalina jeung kajadian baruntakna Kartosuwiryo nu ngabentuk DI/TII.

Dikasangkutanan ku masalah-masalah di luhur, ieu panalungtikan maluruh jeung nganalisis sajak Périodeu 1949-1962. Panalungtikan museur kana faktor-faktor struktur nu ngawangun éta sajak tur dipatalikeun jeung kaayaan sosial mangsa harita nu mangaruhan kahirupan sajak Sunda sarta jadi

kasang tukang hirupna genre sajak dina kandaga sastra Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Sajak Sunda Periodeu 1949-1962 pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Sastra di SMA/SMK/MA (Tilikan Struktural jeung Sosiologi Sastra).”

## 1.2 Rumusan Masalah

Sakumaha anu geus didadarkeun di luhur, sajak Sunda téh teu bisa dipisahkeun tina pangaruh sosial nu nyampak sabudeureunna. Kaasup nalika baruntakna gorombolan. Ieu panalungtikan museur kana aspék gorombolan nu kaasup tina rupa-rupa téma dina sajak Sunda nu ngagambarkeun kajadian-kajadian di jaman gorombolan, pangpangna nu sacara poilitis mangaruhan kana gerakan-gerakan kasundaan nu milu numpes rupa-rupa gangguan.

Ieu panalungtikan dipuseurkeun jadi rumusan masalah anu disusun dina wangun kalimah tanya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur anu ngawengku téma jeung *tone/nada* para panyajak ngagunakeun aspék gorombolan dina sajak Sunda periodeu 1949-1962?
- 2) Kumaha aspék sosiologi sastra nu ngawengku fakta kamanusaan kagambar tina sajak Sunda periodeu 1949-1962?
- 3) Kumaha implikasi hasil panalungtikan sajak Sunda periodeu 1949-1962 pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA/SMK/MA?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Upama niténan rumusan masalah di luhur ieu panalungtikan miboga dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus. Éta tujuan didadarkeun di handap.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun sajak Sunda periodeu 1949-1962 dumasar kana tilikan Struktural jeung Sosiologi Sastra sangkan bisa diimplikasikeun pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA/SMK/MA.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Ngadadarkeun téma jeung nada/*tone* dina sajak-sajak Sunda periode 1949-1962 ngawengku sikep jeung hal anu ditepikeun ku pangarang;
- 2) Ngadéskripsikeun fakta kamanusaan nu nyampak dina sajak Sunda Periodeu 1949-1962;
- 3) Implikasi hasil panalungtikan sajak Sunda periodeu 1949-1962 ngaliwatan nulis sajak pikeun alternatif bahan pangajaran apresiasi sastra di SMA/SMK/MA.

#### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Luyu jeung tujuan ieu panalungtikan, pikeun leuwih jéntré mangpaat panalungtikan dibagi dua bagian, nyaéta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

##### **1.4.1 Mangpaat Téoritis**

Mangpaat teoritis ieu panalungtikan, salian ti nganalisis sajak Sunda ngagunakeun pamarekan sacara struktural nu ngawengku *téma* jeung *tone*. Ieu panalungtikan ambahanana ngawengku kana larapna pamarekan sosiologi sastra dina sajak Sunda nu kontéksna dipatalikeun jeung réalitas nu kajadian dina taun 1949-1962.

##### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat anu dipiharep dina ieu panalungtikan sacara praktis nyaéta:

- 1) pikeun pamaréntah, patalina jeung widang panalungtikan dina widang kasusastraan nu leuwih jembar sarta ngaguar rupa-rupa kajadian dumasar kana téks karya sastra dina mangsa dijieunna;
- 2) pikeun référénsi, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda tur jadi dokuméntasi pikeun lembaga atikan sarta lembaga sastra Sunda; jeung
- 3) pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan référénsi historis ngeunaan kaayaan sosial hiji dina hiji karya

sastra, sarta mikanyaho yén karya sastra téh dalit jeung kahirupan masarakat.

## **1.5 Raraga Tulisan**

Sistematika nulis ieu panalungtikan diébréhkeun dina wangun saperti di handap.

### **BAB I (BUBUKA)**

Dina BAB I didadarkeun kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sistematika laporan panalungtikan.

### **BAB II (KAJIAN PUSTAKA)**

Dina BAB II didadarkeun sawatara tiori anu jadi tatapakan pikeun ieu panalungtikan ngawengku wangenan sajak Sunda, struktural sajak, sajarah jeung konsép tiori sosiologi sastra, identitas pangarang periodeu 1949-1962, posisi sajak Sunda dina sajarah sastra Sunda, réalita sosial nu nyampak dina taun 1949-1962, jeung raraga mikir.

### **BAB III (MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN)**

Dina BAB III didadarkeun ngeunaan métode panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, prosédur panalungtikan.

### **BAB IV (SAJAK SUNDA PERIODEU 1949-1962 PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA SMA/SMK/MA)**

Dina BAB IV didadarkeun data panalungtikan anu mangrupa sajak jeung analisis data dumasar pamarekan strukturna. Data panalungtikan mangrupa sajak dipatalikeun jeung réalita sosial nu nyampak mangsa harita maké pamarekan strukturalismeu genetik dumasar data wawancara, hasil analisisna baris disusun pedaran sajak periodeu 1949-1962 pikeun implikasi bahan pangajaran aprésiasi sastra.

### **BAB V (KACINDEKAN JEUNG SARAN)**

Zaenal Abidin, 2020

*SAJAK SUNDA PERIODEU 1949-1962 PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMA/SMK/MA (TILIKAN STRUKTURAL JEUNG SOSIOLOGI SASTRA)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Dina BAB V dipedar kacindekan tina hasil panalungtikan sarta sawatara saran patali jeung hasil panalungtikan.